



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PREMYE REKÒMANDASYON GROUP TRAVAY
ENTÈ AJANS SOU SEKIRITE ENSANDI A**

***Gwoup Travay la dekri nòm sekirite amelyore yo rekòmande pou sistèm estokaj
enèji batri yo***

***Rekòmandasyon yo enkli mete ajou kòd ponpye Eta New York ak etabli meyè
pratik yo***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te pibliye premye rekòmandasyon Gwoup Travay Entè-Ajans sou Sekirite Ensandi (Inter-Agency Fire Safety Working Group), ki dekri estanda sekirite amelyore pou sistèm estokaj enèji batri yo. Rekòmandasyon pwojè yo gen ladan mizajou potansyèl nan Kòd Ponpye Eta New York la ansanm ak yon lis opòtinite adisyonèl pou defini ak enpleman pi bon pratik yo. Si yo adopte, chanjman yo pral kodifye estanda sekirite amelyore epi kontinye pozisyon New York kòm yon lidè nasyonal nan devlopman estokaj enèji batri ki responsab ak fyab Anons jodi a swiv [piblikasyon premye done](#) ki te jwenn pa gen okenn blesi yo rapòte epi pa gen okenn nivo toksin danjere ki detekte apre ensandi nan sistèm estokaj enèji batri nan Konte Jefferson, Orange ak Konte Suffolk ete pase a.

"Endistri estokaj enèji batri a ap pèmèt kominote yo atravè New York yo fè tranzisyon nan yon avni enèji pwòp, epi li enpòtan pou nou gen estanda sekirite konplè yo anplas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè w adopte rekòmandasyon Gwoup Travay la ap asire tranzisyon enèji pwòp New York la fèt san danje epi ak responsablite."

Gwoup Travay la te pwopoze [15 rekòmandasyon pwojè](#) yo anonse jodi a, avèk konsèy ekspè nan sijè a k ap menen nan peyi a, apre yo fin fè yon revizyon konplè sou Kòd Ponpye Eta New York (Fire Code of New York State, FCNYS) ki egziste deja ak lòt estanda sekirite ensandi pou estokaj enèji. Yo adrese mezi prevantif ak responsab ak pi bon pratik, epi yo enkli kondisyon pwopoze ki gen rapò ak revizyon ant kamarad nan kad dosye aplikasyon pou pèmi pwojè, planifikasyon repons pou ijans, ak fòmasyon depatman ponpye lokal yo, pou site sa yo sèlman. Rekòmandasyon yo idantifye fason pou amelyore plis kad regilasyon pou BESS nan New York, yo gen entansyon aplike nan BESS lityòm-ion ki depase 600 kilowat pa èdtan (kWh). Rekòmandasyon yo te devlope ak yon konsantrasyon sou sistèm deyò yo, BESS nan bilding itilizasyon dedye, ak lòt sistèm estokaj enèji batri a nan nivo rezo a. Konsèy Kòd Eta New York la (Code

Council) pral konsidere yo pou yo enkli nan pwochen edisyon FCNYS la pou ede amelyore deplwaman estanda sekirite yo nan Eta a ak potansyèlman atravè peyi a. Nou ankouraje tout moun ki enterese yo pou yo soumèt kòmantè sou pwojè rekòmmandasyon sa yo bay Gwoup Travay la pou yo ka enkòpore yo nan rekòmmandasyon final yo dwe soumèt bay Konsèy Kòd la pou konsiderasyon.

Peryòd kòmantè piblik la ap ouvri jiska 5 mas, 2024 a 3:00 p.m. EST.

Sistèm estokaj enèji batri yo se yon eleman enpòtan pou reyalize yon rezo elektrik fyab ak zewo emisyon paske estokaj elektrisite ka ede balanse chaj la sou rezo a pandan gwo demann oswa peryòd jenerasyon redwi. Apre yon seri dife nan twa lokal BESS atravè Eta New York nan ete 2023 a, Gouvènè Hochul te reyini Gwoup Travay Entè-Ajans sou Sekirite Ensandi la pou abòde enkyetid sou sekirite nan BESS lityòm-ion an. Gwoup Travay la gen ladann ofisyèl ajans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Eta New York, Eta New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), ak Depatman Deta (Department of State, DOS) ansanm ak ekspè nan endistri sekirite BESS k ap mennen nan peyi a ak objektif pou mennen ankèt sou evènman echèk ki sot pase yo, enspekte enstalasyon aktyèl yo ak idantifye twou vid ki genyen nan kòd ak pi bon pratik endistri yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Reyalize tout potansyèl avni enèji pwòp New York la mande lidèchip ak yon angajman pou deplwaman an sekirite ak responsab sistèm estokaj enèji batri yo. Rekòmmandasyon pwopoze sa yo te pwopoze pa Gwoup Travay Entè Ajans Gouvènè a bay yon plan pou avanse teknoloji enpòtan sa a ak dènye kòd yo, estanda ak pi bon pratik pou pwoteje kominote yo ak premye sekouris yo pandan y ap asire sistèm sa yo kontinye amelyore rezistans ak efikasite rezo elektrik Eta a."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Sit estokaj enèji batri yo enpòtan anpil pou redwi depandans nou sou konbistib fosil epi asire avni enèji pwòp New York la. Rekòmmandasyon sa yo pral ede asire operasyon an sekirite nan enstalasyon sa yo epi sèvi kòm yon modèl pou lòt eta yo swiv pandan n ap bati yon avni ki pi vèt."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Sekirite Nouyòkè yo se toujou premye priyorite Gouvènè Hochul epi rekòmmandasyon sa yo fè New York tounen yon lidè pou lòt eta yo suiv. Ekspè DEC yo te ede Gwoup Travay sou Sekirite Ensandi a pou asire ke pwojè deplwaman estokaj enèji kontinye pwoteje kominote nou yo ak anviwònman an."

Direktè Egzekitif Jeneral Depatman Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te jwe yon wòl lidèchip nan kreye gwoup travay sekirite kont ensandi ki enpòtan ant ajans sa a. Sistèm estokaj enèji batri yo pral jwe yon wòl kle pou ede New York reyalize yon rezo elektrik ki fyab, ki pa gen zewo emisyon, epi pou ede nou satisfè misyon enèji pwòp ki pi enpòtan nan peyi a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Estokaj enèji reprezante yon teknoloji inovan ki pral ede avanse objektif enèji pwòp New York ki pi enpòtan nan peyi a epi li espere gen yon gwo enpak nan tranzisyon nou an nan yon sistèm elektrik dekarbonize. Sekirite sistèm estokaj enèji rete yon pwèn enpòtan pou Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA). Atravè sipò nou nan Gwoup Travay Entè Ajans Gouvènè a ak kolaborasyon nou ak lòt ajans eta yo, nou ap konseye endistri a sou estanda ensandi ak sekirite ki pral gide devlopman enfrastrikti estokaj enèji pou ane k ap vini yo."

Anons jodi a kontinye sou pwogrè Gwoup Travay la te fè apre [piblikasyon premye rezilta yo](#) nan tès lè, tè ak dlo nan sit ensandi yo nan fen ane pase a. Anplis de sa a, Gwoup Travay la ap konkli negosyasyon ak fabrikasyon batri enstalasyon ki afekte yo ak konpayi sèvis piblik yo pou sekirize rapò Analiz Koz Pwofon (Root Cause Analysis, RCA) pou ensandi Warwick, East Hampton ak Chaumont yo. Ekspè nan matyè yo pral revize epi analize rapò yo yon fwa yo disponib.

Gwoup Travay la te fè patenarya tou ak ekspè nan matyè yo pou enspekte tout sistèm batri an fonksyon ki pi wo pase 300 kW nan New York, ki reprezante majorite sistèm batri komèsyal ki an sèvis atravè Eta a. Enspeksyon yo ap fèt kounye a epi yo prevwa fini nan dezyèm trimès 2024 la. Objektif enspeksyon sa yo se revize lis evalyasyon aktyèl yo ak pi bon pratik ki disponib pou itilize pa Eta New York ak lòt moun anvan yo mete sistèm lan sou tansyon, epi enkòpore leson yo aprann nan ensandi batri yo pandan y ap amelyore mezi repons pou ijans yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak

plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)